

## Pwosedi pou rechèch ki kouran : Prelèvman san

### Kisa yon prelevman san ye ?

Prelèvman san se yon fason yo kolekte san pou fè tès laboratwa. Pafwa, yo pran yon echantiyon san lè yo mete yon zegwi nan yon venn nan bra w, an jeneral tou pre koud ou. Kèk lòt fwa, yo ka itilize yon ti zegwi pou yo pike pwent dwèt la epi yo kolekte kèk gout san. Kantite san yo preleve a depann de ki tip tès y ap fè.

## Kesyon pou w poze :

1. Èske w ap preleve san m espesifikman pou etid rechèch la oswa èske l fè pati swen medikal regilye m tou ?
2. Ki kantite san y ap preleve e konbyen fwa y ap pike pwent dwèt mwen ?
3. Kilès k ap analize tès mwen yo ?
4. E si tès yo revele yon pwoblèm medikal ?
5. Èske m ap resevwa rezilta tès yo ?
6. Kijan y ap pwoteje vi prive m ?
7. Pandan konbyen tan y ap kenbe echantiyon m yo ?
8. Èske y ap itilize echantiyon san m yo pou pwochen rechèch ?
9. Èske rezilta tès san yo ap vin fè pati dosye medikal mwen ?
10. Kilès mwen dwe rele si m gen kesyon sou rechèch sa a ?



THE HARVARD CLINICAL  
AND TRANSLATIONAL  
SCIENCE CENTER

BOSTON  
UNIVERSITY

Tufts



University of  
Massachusetts  
UMASS Medical School

CTSI


Tufts Clinical and  
Translational  
Science Institute

*Bwochi sa a gen enfòmasyon jeneral pou yo sèvi nan domèn edikasyon epi yo pa fè l pou bay konsèy medikal. Pale ak doktè w oswa ekip rechèch ou a anvan w pran desizyon konsènan nenpòt enfòmasyon ki ladan l si w bezwen konsèy ki espesifik pou sityasyon w nan.*

**Ou gen plis kesyon ?  
Rele :**

# Prelèvman san pou rechèch





Se ou k ap chwazi si w vle patisipe nan rechèch la. Mande enfòmasyon. Poze kesyon. Jwenn repons.

## Kisa k diferan konsènan yon prelevman san yo itilize pou rechèch ?

Si y ap fè prelevman san pou ou nan sa ki fè pati swen medikal regilye w, jeneralman doktè w ap eseye egzamine sante w, oswa dyagnostike yon pwoblèm, oswa chache konnen si w gen risk pou w fè sèten maladi. Lè prelevman san fè pati yon etid rechèch, yo kolekte echantiyon an pou ede reponn yon kesyon syantifik. Yo pa fè l pou yo ba ou swen medikal oswa pou yo detekte pwoblèm sante. Prelevman san fè pati plizyè tip etid rechèch.

Kontrèman a yon prelevman san òdinè kote oumenm ak doktè w ta diskite rezilta yo, ekip rechèch la kapab pa pataje rezilta tè rechèch yo avè w. Li posib pou pèsonn pa egzamine echantiyon san w nan pou chache

pwoblèm sante w genyen. Echantiyon san w nan ka vin fè pati yon gwo gwoup echantiyon y ap etidye ansanm epi yo ka pa egzamine l poukont li.

## Patisipasyon nan rechèch se yon chwa

Gen pwoteksyon ki la pou ede asire sekirite volontè rechèch yo (yo rele moun sa yo "sijè rechèch" tou) epi pou asire yo yo trete volontè yo ak respè. Ekip rechèch la ap revize yon Fòm konsantman enfòmè avè w. Y ap eksplike w objektif etid la ak risk ak avantaj ki ka gen ladan l. Mande èd si gen yon bagay ou pa konprann. Ou pa dwe janm santi y ap fè w mache prese oswa mete w sou presyon. Patisipasyon nan yon etid rechèch konplètman volontè – Se ou k ap

chwazi si w vle patisipe. Ou ka chanje lide nenpòt lè, pou nenpòt rezon.

## Kijan m dwe prepare m pou yon prelevman san ?

Pale ak anplwaye rechèch yo pou w ka konprann kijan pou w prepare w pou yo fè prelevman san an pou ou. Ekip rechèch la ap revize enfòmasyon sa yo avè w. Asire w ou konprann sa pou w atann..

## Ki risk ki genyen nan yon prelevman san ?

Prelevman san yo fèt san danje. Yo pa konnen gen okenn gwo risk lè y ap fè yon prelevman san pou ou. Y ap dekri risk espesifik yo an detay nan Fòm konsantman enfòmè a. Asire w ou konprann risk sa yo paske yo an rapò ak prelevman san an ak rechèch la an jeneral.

